# Фольклоралъул анкь т1обит1иялъул программа.

| № | Гьабизе бугеб х1алт1и | къоял | жавабиял |
|---|---|---|---|
| 1. | Цеберагl1и.»Щиб жо кколеб –фольклор». | Понедельник | М-таминова С. |
| 2. | Маргьаби. | Понедельник | 5-9кл. |
| 3. | Халкъиял куч1дул:<br>Васазе ах1улел<br>Ясазе ах1елел<br>Бах1аралъе ах1улел. | Вторник | 5кл.<br>6кл.<br>7кл. |
| 4. | Кицаби. | Среда | 5-11кл. |
| 5. | Бицанк1аби,шарадаби, абундачал. | Четверг | 5-11кл. |
| 6. | Халкъиял маргьабазда т1аса суратазул конкурс. | Пятница. | 5-11кл. |
| 7. | Сценкаби. | пятница | 5-9кл. |
| 8. | Х1асилал гьаризе. | Суббота. | М-таминова С. |

## Ясазе ах1улел

Вай дур дада ч1ахъаяй,
Дардаманалъул гагу.
Дадал васал ч1ахъаяй,
Хайдакъалъул баг1арг1еч.
Бакъда х1отолъ бук1унеб
Бакъан берцинаб мокъокъ,
Х1орлъуданиб бук1унеб
Мукъур сурмияб микки.
Берал руго берцинал,
Щиб кьуниги кьоларел,
Кьунсрул руго гьайбатал,
Азар г1иял багьаял.

***

Биараб г1арцул т1урай,
Парт1ун ролъул гьаюрай,
Меседкунал г1омо гьай,
Г1арцкунал чалу гьай,
Чакаралъул кило гьай,
Кавказалъул бурут1 гьай.

***

Елъулаго к1ал берцин,
К1алъалаго бер берцин,
Чурич1ого бер-к1ал хъах1,
Хъвач1ого кьенсер ч1ег1ер.
Ясалазда берцинйихь,
Берцинай дир меседо.

***

Эгъегун гъал бащадай
Гъунисезул меседо,
Гъалгун габур бащадай
К1ик1ундерил сурах1и.

# Васазе ах1улел

Гьарун бараб ц1адал щуб,
Ц1алун щвараб бакъул нур,
Ах1изе ц1ар берцинав,
Бихьизе куц беричав.
Гьанги белъун, чед бежун,
Чанавеги унев ав.
Чуги бачун, ц1ал кьабун,
Ц1оровеги инев ав.

***

Бералберцин-цидул т1инч1,
Цабиг1исин-г1анк1ил т1инч1,
Г1удул къокъаб бац1ил т1инч1,
Хехлъи гьабун к1удав г1е.

***

Месед ц1унулеб к1уни,
К1улал рахалеб гъамас,
Гъансиниб лъолеб саг1ат,
Санк1иниб лъолеб г1арац.

***

К1анц1ун чоде вахарав,
Ч1ух1ун ярагъ борчарав;
Бехе унеб хехаб г1ор,
Жанив к1анц1ун бахарав;
Харилъ бугеб аздагьо
К1их1и къот1ун рехарав;
Лъабнухида хъала бан,
Тушбабигун вагъарав.

## Бах1аралъе ах1улел.

Биун лажбар т1ураб ч1арбида тела,
Ч1улби меседилаб рагъидаса яс.
Мунго кьарлъизе кьег1ерги хъвела,
Кьер-гьан бац1ц1алъизе дарай рет1ина.

***

Мун лъик1ай ятани лъик1ав инсул яс,
Лъик1алазда аск1ой г1одой тун хьихьла.
Мун квешай ятани вацал ч1ахъаяй,
Яч1арабго нухалъ рокъой йит1ила.

***

Нижер бах1арасул эмен ч1ахъаги
Васасе рук1ине к1алг1аби рарав.
Нижер бах1аралъул эбел ч1ахъаги
К1алг1аби къач1азе къайи гьабурай.

***

Вай ,нижер бах1арав, нижер бах1арав,
Билил гъансинибе гъурараб чакар.
Вай, нижер бах1арай, нижер бах1арай,
Нодо маргъалулай, гъал меседилай.

***

Нижер бах1аралда х1ур хъвалебилан
Х1авадул гъвет1 буго т1аде гьерщелеб.
Бах1аралъул х1ат1да х1арщ хъвалебилан
Т1анса-салмаг буго г1одоб т1ибит1ун.

***

Яч1иней раг1ула нижер бах1арай
Меседил квераца кавуги рагьун.
Бах1аралъул агьлу бач1инеб буго
Баг1ар чиниялъул чол гьокоги ц1ун.

# Кицаби

Ват1ан гьеч1ев чи – чед гьеч1еб таргьа.

***

Ват1ан тун арасе талих1 кьолареб.

***

Ват1ан ц1унун хварав чи хабалъги ч1аго вук1уна.

***

Агъаз гьеч1ес черх ч1вала, чехь квешас рукъ ч1вала.

***

Бекьарасе бекьараб ракьалдаса буссуна.

***

Гулгун хурибе унаро, хума ч1арадуларо.

***

Гьабич1есе гьеч1илан магъилъ х1анч1и ах1дола.

***

Роол къо хасалил анкьида бащалъулеб.

***

Черхалда г1акъуба бихьич1они, чехьалда рах1ат бихьуларо.

***

Бет1ер х1алт1ич1они, х1ат1ал свакала.

***

Чияр кумекалде хьул лъоге, х1алт1ун балагье.

***

Гьит1инго босараб лъай-т1огьолъ гьабураб нах.

***

Бит1араб ц1унизелъун рух1алда барахщуге.

***

Бицунев г1адалав вугони, г1ин т1амурав ц1одорав вук1ине кола.

***

Г1абдалас веццизег1ан, г1акъилас какиго лъик1аб.

***

Гъалбац1алъ нахъе ц1око тола, г1адмас ц1ар тола.

***

Хвалчадул къвак1иялдаса къалмил тамахлъи бергьуна.

***

Ц1одораб цо бет1ер нусго г1адалалде данде ч1ола.

# Бицанк1аби.

Авлахъалда рет1араб хъах1аб буртина.
**(Г1азу)**

***

Азарго сон баниги херлъулареб жо.
**(Рак1)**

***

Азарго х1ет1е бугеб-билълъунареб жо.
**(Т1анса)**

***

Араб- т1ад буссунареб жо.
**(Заман)**

***

Ахадасан лъим гьекъолеб, т1арадасан хоно гьабулеб.
**(Гъвет1)**

***

Бегун унеб баг1ар оц, бахъун унеб ч1ег1ер оц.
**(Ц1аги к1к1уйги)**

***

Берал гьеч1еб коч1охъан, кверал гьеч1еб кьурдухъан.
**(Мерго)**

***

Берал гьеч1ого т1олеб маг1у.
**(Г1ет1,ц1ад)**

***

Берал г1одор цун билълъунеб жо.
**(Гьоко)**

***

Берцинаб х1ор кидаго ц1ороლареб.
(**Берал**)

***

Бер гьеч1ого к1анц1улеб, к1ал гьеч1ого х1анч1улеб.
**(ГЬорчо)**

***

К1ал гьеч1еб г1акъил. **(т1ехь)**

# Маг1арул халкъияб хазина.

Маг1арул халкъияб хазина ккола ц1акъго багьа к1удияб ва къимат т1адег1анаб, чара гьеч1ого халкъалъе х1ажатаб хазина. Халкъалъ коч1ол асар, маргьаби, кицаби, бицанк1аби,абиял къисабиго г1адин жидерго мурад, х1ажат т1убазе г1уц1арал руго. Гьездалъун халкъалъ загьир гьарула жидерго пикраби, ургъелал, рек1ел къасдал, мурадал, анищал, къварилъи-г1ат1илъи. Гьездалъун нилъеда цере ч1ола миллаталъул къисматалъе ва г1умруялъул к1вар бугел лъугьа - бахъинал, ишал, инсанасул рек1елъ щула гьарула мисалалъе мустах1икъаб г1амал-хасият, хьвада-ч1вади, т1абиг1ат, абадияб сахавалъи, г1аданлъи, ч1аголъи; инжитаб, нахъег1анаб,х1алихьатабщиналде бижизабула рокьукълъи, ццин.

Кеч1, киналго халкъиял асаралго г1адин, ккола инсанасе тарбия кьеялъул, гьев куцаялъул алатлъун. Халкъиял куч1дузда абизе бегьула халкъалъул, миллаталъул рагьараб рак1илан.

Халкъияб ирсилан г1аммаб къаг1идаялъ нилъеца абун таниги, гьеб буго т1олабго халкъалъулги, кинабго миллаталъулги ва жив-жив инсанасулги давла, киназего г1ахьалаб, щивасул бут1аги жиндилъ бугеб хазина. Гьенир нахъе ц1унун руго хварал, ара, т1аг1арал бах1арзазул, сахаватал г1адамазул ц1аралги, сипаталги, гьайбатал ишалги. Инсанасул х1алуцараб г1умруялъул цебе лъолеб жиб-жиб галиялъул лъалк1 батула нилъеда халкъиял куч1дузулъ. Маргьаби кола фольклоралъул бечелъи.Маргьаби рук1уна лъабго бат1ияб тайпаялъул. Х1айваназул бицунел, рук1а- рахъиналъул, г1ажаибал. Гьез рит1ухълъи бокьизе, т1еккълъи рихине, жал рижараб Ват1ан сундасаго бокьизе малъула. Инсанасул г1амал-хасиятазул г1унгут1аби къват1ир ч1вазарула, халкъалъул гъийин кваналел бечедал ва диниял г1адамал какула.
Кицаби-абияз насих1атаб х1асил, малъа-хъвай гьабула, г1акълу кьола. Кицабаздаса ва абияздаса пайда босула киназго.